# SYÚJETLI LIRIKANÍŃ QÀLIPLESIWI HÁM RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ

**Jalgasbaeva Ayzada,**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrant*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.18903113

***Tayanısh sózler**: kórkem ádebiyat, epika, lirika, drama, syujet, syujetli lirika, syujetli element.*

***Annotaciya**. Maqalada kórkem ádebiyattıń bir túrı lirikanıń bir forması syujetli lirikanıń qáliplesiwi hám rawajlanıw basqıshları haqqında piker júritiledi. Sonday-aq, lirikadaǵı dáslepki syujetlik elementler analiz etiledi.*

***Ключевые слова:** художественная литература, эпос, лирика, драма, сюжет, сюжетная лирика, сюжетный элемент.*

***Аннотация**. В статье рассматривается формирование и этапы развития сюжетной лирики, разновидности художественной литературы и формы лирики. Также анализируются ранние сюжетные элементы в лирике.*

***Key words**: fiction, epic, lyric, drama, plot, narrative lyric, plot element.*

***Annotation**. This article discusses the formation and developmental stages of narrative lyric, a form of lyric poetry in fiction. Additionally, it analyzes the initial plot elements found in lyric poetry.*

Kórkem ádebiyattıń túrleri bolǵan epika, lirika hám dramanıń da atqaratuǵın xizmeti, wazıypası birdey, yaǵnıy insan ruwhıyatına tásir etiw, shınlıtı ańlawǵa, pikirlerdi tınıqlastırıwǵa járdemlesiwden ibarat. Biraq olardıń maqsetine jetiw jolı, forması hám dúzilisi hár qıyli. Lirika óziniń qısqalıqqa umtılıwı hám emocional sezimlerdi tez hám tásirli jetkerip beriwi menen epika hám dramadan ayrıqshalanıp turadı. Ayyemgi dáwirlerden Aristoteldiń "Poetika" miynetinde epika hám drama waqıyaǵa tıykarlanadı, al lirika sezimge jaqın dep keltirip ótiledi.(Aristotel. "Poetika") Lirikanıń payda bolıw tarıyxı batısta Áyyemgi Greciya hám Rimge shıǵısta bolsa, Qıtay hám Parsı ellerine tuwra keledi. Dáwirler ótiwi, insaniyat rawajlanıwı menen mádeniyat ta qáliplesip sol tiykarda kórkem ónerdiń bir túri bolǵan ádebiyat ta jańalanıp ósip bardı. Dáslep lirika tek ǵana sezimdi sáwlenendiriwshi bolıp tán alınǵan bolsa, keyin ala ilimiy izlenisleri nátiyjesinde ondaǵı syujetlik elementlerdiń ushrasatuǵını anıqlandı. Bul shayırdıń ishki sezimlerin qosıq qatarlarına ápiwayı waqıya kórinisinde jayǵastırıwı ǵana emes edi, ol tereń mánige iye sezimlerdiń emocionallıǵın jáne de kúsheytiw menen birge lirikanıń subyektivligin asırıwǵa da alıp keledi. Bunda syujet prozadaǵıday izbe-izlikte rawajlanıp, ayqın kózge taslanıp turmaydı, bul tártipti talap eliwdiń ózi de qáte boladı. Jazıwshı personajlardıń obrazın jaratıw ushın, al, shayır oqıwshı yamasa tıńlawshıda hár qıylı sezimlerdi oyatıw ushın syujetti paydalanadı

Syujetli lirika ádebiyattanıw iliminde kóp jıllıq tariyxqa iye hám onıń teoriyasınıń jaratılıwında birqansha qarama-qarsı pikirler bar. Áyyemgi dáwirlerde lirika adamnıń ishki keshirmelerin súwretlewge arnalǵan. Antik dáwir ushın lirika quwanısh, qayǵırıw, muxabbat, ǵázep hám saǵınısh sıyaqlı sezimlerdi tikkeley jetkeriw forması bolǵan. Ol epikadaǵıday uzaq dawam etken waqıyalardı bayanlamaydı, al insannıń ishki sezimleriniń kórinisi boldı. Orta ásirlerge kelip lirika Oraylıq Aziya hám Islam mádeniyatı mısalında diniy-mistikalıq hám filosofiyalıq áhmiyetke iye boldı. Bul dáwirge kelip ol óziniń mazmunın ózgertti, onda waqıya az biraq simvolikalıq suwretlew hám ishki konflikt payda boldı. Muxabbat tek adamlarǵa qarata emes , endi ol keńirek mánige ilahiy tuyǵıǵa aylandı. XIX XX ásirlerge kelip syujetli lirika tolıǵı menen syujetli janr bolıp qáliplesti. Onda lirikalıq qaharman táǵdiri, ishki hám sırtqı konfliktler, waqıyalıq obrazlar arqalı poetikalıq rawajlanıw júz berdi. Bul dáwirde lirikadaǵı syujet antik hám orta ásirlerde payda bolǵan belgilerdiń tiykarında qàliplesken, tolıqtırılǵan formaǵa iye boladı.

XX ásirdiń basında A. N. Veselovskiy óziniń "Syujetler poetikası" miynetinde syujet hám motivtiń qurılısı haqqında dáslepki pikirlerdi keltirip ótedi. "Syujetler— bul quramalı naǵıs.."(Veselovskiy. "Поэтика сюжетов") joqarıda keltirilgenindey shıǵarmanıń mazmunın qalegen oqıwshı túsiniwi múmkin, biraq, ondaǵı syújettiń qurılısın ańlaw ushın belgili teoriyalıq bilimge iye bolıwdı talap etedi. Barlıq túrdegi epik, dramatik liroepik túrdegi kókem shıǵarmalarda syujet bar boladı. Hár bir ádebiy túrde de syujet ózine tán harakterge iye. Kópshilik lirik dóretpelerde kózge anıq taslanıp turatuǵın syújet dizimi joq. (Izzat Sulton "Adabiyot nazariyasi") Ilimiy izertew jumısları kóbeygen sayın ilimdegi sorawlar da áste aqırınlıq penen óz sheshimin taba basladı.

Bul haqqında ózimizdiń jergilikli ilimpaz Q.Jarımbetov "Lirikalıq syujette epikalıq obraz jaratılmaydı. Lirikadaǵı syujet hár qıylı sezimlerdi oyatıw ushın xızmet etedi"(Q. Jarimbetov. Ádebiyattanıwdan sabaqlar ) degen pikiri kópshilikke ortaq sorawǵa juwap boldı. Rasında da, lirikada shayır óz sezimlerin, kewil keshirmelerin oqıwshıǵa tásirli etip jetkerip beriw ushın pikirin waqıya kórinisinde súwretlewge háreket etedi. Bunday súwretlew shayır I. Yusupovtıń poeziyasında kóplep ushırasadı. Onıń "Patsha hám shayır" qosıǵında syujettiń ayırım elementleri bar.

A. N. Veselovskiydiń jazıwınsha ekspoziciya-"avtor tárepinen orın, waqıt hám hárekettiń belgilengen orayı, basqasha aytqanda, ne hám kim, qayerde hám qashan."(Veselovskiy. "Поэтика сюжетов") Demek, ekspoziciyada waqıya qay jerde qashan baslanǵanı haqqında kim yamasa neniń basınan ótip atırǵanı haqqında

maǵlıwmat beriletuǵın bólimi. Shayırdıń joqarıda aytıp ótken qosıq qatarların mısal keltirip kóreyik.

Dańqlı Shıraz— shayırlardıń watanı,
Ámir Temur jawlap aldı da anı,
Shaǵal máslik qıldı tilla sarayda.
Bir ándiyshe oyǵa keldi qalayda:

"Shıraz—túsime kóp engen el edi,
Hafiz degen shayırı bar der edi"...

Qosıqta avtor óziniń pikirlerin yamasa waqıyanı bayanlaw arqalı syujetti rawalandıradı. Shayır qosıqta waqıyalardı izbe-iz rawajlandırıp kulminaciyaǵa alıp keledi. Amir Temurdiń sorawına juwap alıw ushın Saadiy Sheraziydi izlep tabıwın kórkemlep súwretleydi.

Mázi bir sawalım bar edi sizge,
Bir qosıǵıńız bárhá oy salar bizge:
"Mágar kewlimdi alsa sol Shiraz jananı,
Júzde qalına bererem Samarqand, Buxaranı".

Lirikalıq syujettiń tiykarǵı ayrıqshalıǵı da sonda onnan epikalıq waqıyanı izlewdiń keregi joq, onda lirikalıq qaharmannıń ishki sezimleri, ruwhiy jaǵdayı sáwlelenedi. Konflikt soqlıǵısıw degen mánini ańlatıp, kórkem shıǵarmalardaǵı qarama-qarsılıqlardı ańlatadı. Qarama-qarsılıq bolǵan jerde syujet te rawajlanadı.
Shayır ayttı: "Taqsır, tańlanbań buǵan.
Qolımızdıń sonday ashıqlıǵınan,

Usınday awhalǵa túsip turǵanbız,
Dúnyadan qol juwıp, qurı qalǵanbız..."
Patsha mıyıq tartıp, kùldi murtına.
"Qánáátlendik biz juwabıńızdan.

Konflikttiń sheshiliwi waqıya shıǵarmadaǵı kompoziciyasınıń juwmaqlawshı bólimi, kirisiw bólimindegi sorawlardıń juwabı esabında sheshiwshi pikirler keltiriledi. Yaǵnıy biz bunda lirikalıq konflikttiń sheshiliwin kóremiz.

Juwmaqlap aytqanda: biz lirikalıq dóretpelerde syújettiń qurılısın tek ǵana bir shıǵarmadan kórip otırmız, sonıń ózi de joqarıdaǵı pikirlerdi dálilleydi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Т. В. Полежаева. "Сюжет в лирике: целостю системний подход" Уралский филологический вестник 2016 г. № 3
2. А. Н. Веселовский. "Историческая поэтика" Москва: "Висчая шола", 1989
3. Sulton. "Adabiyot nazariyasi". Toshkent: «O’qituvchi» 1980.
4. Q. Jarimbetov. "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" Nokis: "Qaraqalpaqstan", 2012.